

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

Dina ieu bab dipedar jeung didéskripsikeun ngeunaan: 1) kacindekan, 2) implikasi, jeung 3) rékoméndasi.

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan jeung pedaran dina bab saméméhna bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

Kamampuh nulis sisindiran siswa kelas VIII-A SMP PGRI 4 Cimahi taun ajar 2022/2023 saméméh ngagunakeun média *Monosin* téh kagolong “can mampuh” kalawan rata-rata peunteunna ngan 47,84 tina KKM 72. Upama ditilik leuwih jero tina 32 siswa, ngan saurang anu kagolong “mampuh”, sésana 31 siswa kagolong “can mampuh”. Aya lima aspék anu dipeunteun dina kamampuh nulis sisindiran nyaéta aya aspék eusi, organisasi, kosa kecap, diksi, jeung éjaan. Dumasar kana aspék nu dipeunteun dina hasil *pre-test*, aspék eusi kagolong “kurang pisan” kalawan rata-rata peunteunna nyaéta 15,03 tina maksimal 30. Tuluy aya aspék organisasi kagolong “kurang pisan” kalawan rata-rata peunteunna nyaéta 9,16 tina maksimal 20. Kitu deui aspék kosa kecap kagolong “sedeng cukup” kalawan rata-rata peunteunna nyaéta 10,75 tina maksimal 20. Aya aspék diksi kagolong “kurang pisan” kalawan rata-rata peunteunna nyaéta 9,91 tina maksimal 25. Pamungkas aya aspék éjaan kagolong “sedeng cukup” kalawan rata-rata peunteunna nyaéta 3,00 tina maksimal 4.

Kamampuh nulis sisindiran siswa kelas VIII-A SMP PGRI 4 Cimahi taun ajar 2022/2023 sanggeus ngagunakeun média *Monosin* téh geus kagolong “mampuh” kalawan rata-rata peunteunna 81,06 tina KKM 72. Upama ditilik leuwih jero tina 32 siswa, aya tilu siswa anu kagolong “can mampuh, sésana 29 siswa kagolong “mampuh”. Dumasar kana aspék nu dipeunteun dina hasil *post-test*, aspék eusi kagolong “cukup hadé” kalawan rata-rata peunteunna nyaéta 23,41 tina maksimal 30. Tuluy aya aspék organisasi kagolong “hadé pisan” kalawan rata-rata peunteunna nyaéta 18,00 tina maksimal 20. Kitu deui aspék kosa kecap kagolong “cukup hadé” kalawan rata-rata peunteunna nyaéta 16,44 tina maksimal 20. Aya ogé aspék diksi kagolong “cukup hadé” kalawan rata-rata peunteunna nyaéta 19,00

tina maksimal 25. Pamungkas aya aspék éjaan kagolong “cukup hadé” kalawan rata-rata peunteunna nyaéta 4,22 tina maksimal 4.

Dumasar kana hasil panalungtikan, unggal aspék penilaian ngalaman karonjatan sanajan dina aspék diksi ngalaman karonjatan anu pangluhurna nyaéta rata-rata *pre-test* 9,91 ngaronjat jadi 19,00 dina rata-rata *post-test*. Dina aspék eusi rata-rata *pre-test* 15,03 ngaronjat jadi 23,41 dina rata-rata *post-test*. Tuluy aya aspék organisasi rata-rata *pre-test* 9,16 ngaronjat jadi 18,00 dina rata-rata *post-test*. Lian ti éta aspék kosa kecap rata-rata *pre-test* 10,75 ngaronjat jadi 16,44 dina rata-rata *post-test*. Aya deui aspék éjaan rata-rata *pre-test* 3,00 ngaronjat jadi 4,22 dina rata-rata *post-test*.

Sacara hasil geus katitén aya béda antara kamampuh siswa nulis sisindiran siswa kelas VIII-A SMP PGRI 4 Cimahi taun ajar 2022/2023 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média *Monosin*. Pikeun validasi panalungtikan, unggal data diuji ngagunakeun uji normalitas jeung uji hipotésis. Dumasar uji normalitas ngagunakeun uji *Shapiro-Wilk* nilai data *pre-test* Sig. 0,010 > 0,05 jeung nilai data *post-test* 0,499 > 0,05. Hartina, H_0 ditarima jeung H_1 ditolak. Cindekna, hasil data di luhur miboga distribusi normal. Lantaran dina uji normalitas kagolong distribusi normal, satuluyna ngagunakeun uji hipotésis kalawan métode *paired sample t test* anu mangrupa bagéan tina statistic *parametrik*. Hasilna nilai Sig. 0,000 < 0,05. Nilik kana kritéria, mangka H_a ditarima jeung H_0 ditolak. Hartina, aya béda anu signifikan kana kamampuh nulis sisindiran siswa kelas VIII-A SMP PGRI 4 Cimahi taun ajar 2022/2023 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média *Monosin*. Ku kituna, média *Monosin* sangkil dina pangajaran nulis sisindiran.

5.2 Implikasi

Ku ayana média *Monosin*, siswa bisa leuwih aktif, bisa ngalatih daya pikir, jeung konsép materi. Ku kituna, média *Monosin* sacara langsung bisa mantuan guru pikeun ngungkulan pasualan pangajaran nulis sisindiran. Ieu média bisa nuwuhkeun ogé kana ngamekarkeun ide jeung kreativitas sarta ngawangun sumanget diajar. Lantaran dina prak-prakanana siswa bisa fokus dina ngerjakeunna. Média *Monosin* anu dijeron mangrupa média kaulinan anu dimodifikasi ku ayana paréntah, pertanyaan, jeung tantangan dina sabudeureun matéri nulis sisindiran

sangkan siswa bisa ngamekarkeun ide jeung numuwuhkeun sumanget diajar. Ieu hal anu ngalantarankeun peunteun siswa jadi leuwih alus sanggeus ngagunakeun média *Monosin*. Bisa dicindekkeun yén média *Monosin* téh méré implikasi anu hadé pikeun pangajaran nulis sisindiran.

5.3 Rékoméndasi

Dumasar hasil panalungtikan, aya sababaraha rékoméndasi anu bisa ditepikeun dina ieu panalungtikan, nyaéta saperti ieu di handap.

- 1) Média *Monosin* bisa dijadikeun alternatif dina pangajaran nulis, hususna nulis sisindiran.
- 2) Ieu panalungtikan bisa dimekarkeun deui ku cara ngaronjatkeun kualitas média *Monosin*, bisa dijieun leuwih hadé sarta leuwih ngirut deui ka siswa utamana dina desain.
- 3) Upama diparengkeun diayakeun média *Monosin* dina wangun aplikasi, sangkan siswa diajar nulis sisindiran bisa iraha waé, jeung di mana waé. Jadi, diajar nulis sisindiran téh lain ukur di sakola hungkul.
- 4) Kaharepna, perlu diayakeun deui panalungtikan ngagunakeun média *Monosin* dina pangajaran basa Sunda, sangkan hasil bahan pangajaran jadi leuwih interaktif.